

Transportation Transformation

N ap konekte Kominote yo Grasa Chwa Transpòtasyon

COCONUT CREEK PARKWAY TOUNEN "KOULWA EDIKATIF" NAN BROWARD

Nan seksyon nò Broward County, vin entelijan se yon bagay ki fasil. Plizyè minisipalite, ki enkli Vil Coconut Creek, Vil Margate, Vil Pompano Beach, ak Vil Coral Springs, ap travay ansanm pou konekte etablisman edikatif yo e pou amelyore koneksyon transpòtasyon yo.


Vil Coconut Creek la ap fè premye gwo pa a vè redevlopman Coconut Creek Parkway a pou fè l tounen yon Koulwa Edikatif. Avèk segman alès la ki pwolonje nan Pompano Beach e segman alwès la k ap finalman pwolonje nan Coral Springs, pwojè a pral etabli yon rezo k ap vize transpòtasyon, siklis ak pyeton ant etablisman edikatif yo.

Coconut Creek Parkway, yon anplasman prensipal pou plizyè kampis edikatif, ki pwolonje de (2) mil an longè, se yon wout a kat vwa kote mitan wout la lakoz anpil enkyetid onivo sekirite. Vil la ansanm avèk kolaboratè l yo devlope yon plan prensipal pou ekstansyon wout sa a ki pral transfòme l an yon pak lineyè k ap atire pyeton yo. Li enkli ladan l twotwa pou pyeton k ap gen limyè pou sekirite ak pou estetik, avèk konstriksyon yon sant transpòtasyon kominotè.



Coconut Creek Parkway reservwa plizyè sibvansyon pou l fè chanjman pozitif pou trajè k ap fèt nan koulwa a, ikonpri rann twotwa a pi bè.

Etablisman edikatif yo ansanm avèk Koulwa Edikatif la gen yon popilasyon yo estime a pliske 20 000 elèv ki foultaym ak pat-taym, ak yon popilasyon rezidansyèl de 18 000 ki lokalize a 1/4 a 1/2 mil de distans. Faz sa a nan pwojè a pral konekte etablisman edikatif yo tankou Atlantic Technical Center, Coconut Creek High School, Broward College ak Broward County Library. Yon fwa amenajman yo pwopoze pou Koulwa Edikasyon an konplete, etablisman edikatif yo ap aksesib ant youn lòt pa otobis, navèt, bisiklèt oswa apye. Redevlopman sa a de Coconut Creek Parkway a ofri yon opòtinité inik pou benefisyé plizyè minisipalite, ansanm avèk Konte a, onivo kalite lè a ak pwoblèm onivo sekirite.



Imaj ki anlè a montre yon seksyon tipik sou sa koulwa final la pral sanble.


MPO Broward la akòde 6 sibvansyon pou amenajman ki totalize \$3.500.00 pou koulwa a. Depatman Transpòtasyon nan Florida (FDOT), ki te akòde anvan sa plizyè sibvansyon pou planifikasyon, abri kote moun tann bis yo, ak platfòm pou transpò, aktyèlman gen \$150.000 ki pwograme pou devlopman yon Inisyativ Jesyon Transpòtasyon. Faz pwojè a aktyèlman ankou e li enkli mitan wout ki pi wo pase nivo wout la ak adisyon vwa pou bisiklèt. Konte Broward la deja emèt pèmi yo e konstriksyon an kòmanse an me 2011. Pati Vil la sipoze fini nan 270 jou. Broward County pral bay wout la yon lòt kouch asfalt epi li pral make l ankò pou l konplete segman sa a nan pwojè a.

Amenajman sa yo se fondasyon an pou konektivite k ap genyen pidevan avèk etablisman edikatif nan Pompano Beach, Margate ak Coral Springs ak devlopman sipò transpòtasyon an. Pwojè a se pa yon amenajman wout li ye sèlman; li pral amelyore aksè a edikasyon an pou popilasyon elèv yo, epi li pral ofri opsyon transpòtasyon ak lòt koneksyon atravè plizyè mwayen pou yon pi gwo seksyon popilasyon an, ki enkli granmoun aje ak fanmi yo.

KISA KI LADAN L

- Mesaj Prezidan an
- Kisa TIP reprezante pou ou?
- Revizyon Sètifikasiyon Federal
- Efò nan Edikasyon ak Aktivite Sosyal
- Èske Ou te Konnen?...

MESAJ PREZIDAN AN



Administratè gouvnman lokal la,
Richard Blattner
Prezidan, Broward MPO
Vil Hollywood, Distrik 4

Sa se premye atik mwen antanke Prezidan Òganizasyon Planifikasyon Metropolitèn nan Broward. Etandone mwen fè patide Broward MPO depi 2007, moman sa a reprezante yon moman trè enteresan pou mwen sèvi antanke Prezidan epitou pou mwen fè patide òganizasyon dinamik sa a.

Travay transfòrmasyon sistèm transpòtasyon nan reyon an pou atenn yon mobilite maksimòm se non sèlman yon defi li ye men se yon vizyon tou pou manm Konsèy Broward MPO a. Youn nan objektif prensipal nou yo se pou ede piblik la fè deplasman l yo atravè reyon an, defason konsistan, kit yo abite, kit yo travay oswa kit yo al divèti yo nan konte Broward, Palm Beach oswa Miami-Dade.

Angajman sa a vè reyonalis pa vini avèk repons fasil. Gen kesyon ak desizyon onivo transpòtasyon ki difisil, kesyon tankou finansman ak jesyon, jouk rive nan planifikasyon ak opòtinite onivo devlopman.

Yon egzanp ki afekte pasaje ki itilize sistèm transpòtasyon yo lè y ap deplase de yon konte a yon lòt sèke sistèm nou genyen aktyèlman an pa gen yon sistèm tarif pou pasaje ki entegre. Nan piò ka yo, moun ki itilize sistèm transpòtasyon e k ap chanje mòd transpò yo oblige peye tarif pou trajè konplè pou chak segman trajè yo, epi chak sistèm transpòtasyon

rejyonal gen yon sistèm koleksyon peman ki pa menm. Lè y ap vwayaje "ant konte" yo, e yo transfere de Tri-Rail la a yon otobis ki fè patide Broward County Transit, oswa lè yo itilize Bis Miami-Dade Transit 95 Express la pou pran Miami-Dade Metro Mover, pasaje yo non sèlman vle plizyè kalite mwayen transpò ki konsistan, men tou yo vle yon sistèm tarif ki konsistan pou trajè a.

Mwen ka sonje nan debi ane 90 yo ke mwen te fè patide pwosesis la lè te gen ansyen Òganizasyon Enstans Rejyonal pou Transpòtasyon nan Sid Florida (South Florida Regional Transit Organization). Enstans pou Transpòtasyon nan Miami-Dade (Miami-Dade Transit) te gen kòm responsabilite pou l seleksyon yon sistèm tarif pou pasaje ki ta ka pidevan vin entegre avèk lòt kolaboratè enstans rejyonal yo; malerezman sa pat pote bon rezulta lè lè emplémentasyon an te rive...pat gen koneksyon.

Broward MPO a ap travay ansanm avèk piblik la, lòt kolaboratè planifikasyon rejyonal, ajans gouvnmantal, ofisyèl eli, ak gwoup enterese yo pou devlope plan transpòtasyon sa yo. N ap travay pou devlope sistèm transpòtasyon ki konekte ak sistèm teknoloji sou enfòmasyon, ki travèse liy demakasyon konte yo, e nou pral akonpli sa avèk opinyon ak sipò w ap bannou yo!

REYINYON PUBLIK AK REVIZYON SÈTIKASYON FEDERAL NAN DE JOU

Pandan Revizyon Federal ki dire de jou a, Administrasyon Federal Otowout la (FHWA) ak Administrasyon Federal pou Transpòtasyon (FTA) a te òganize yon reyinyon publik kòm yon pati nan Revizyon Sètifikasiyon Federal Broward MPO a, pou te bay manm piblik la yon opòtinite pou pataje opinyon yo konsènan pwosesis planifikasyon onivo transpòtasyon rejyonal la.

Reyinyon an te fèt nan lasware 10 me a, e te gen pliske 15 manm kominote lokal la ki te patisce ladan l e ki te bay ekip revizyon federal la opinyon yo sou kesyon transpòtasyon lokal ak rejyonal.

Ajans federal yo rewya ansanm pwosesis planifikasyon sistèm transpòtasyon an chak katran pou tout zòn metropolitèn yo ki gen yon popilasyon de pliske 200.000 abitan. Manm ekip revizyon federal la konpoze de Madam Tamara Christion ki nan FHWA ak Mesye Carey Shepherd, Madmwazèl Tameca Macon ki nan biwo santral FHWA nan Washington D.C. ak Mesye Keith Melton ki nan Rejon IV FTA, ki base nan Atlanta.

Ekip federal la bay estrikti debaz la pou diskisyon piblik la e li bay manm piblik la opòtinite pou yo pale. Tout kòmantè oral ak ekri yo resevwa nan reyinyon an, ansanm avèk tout lòt korespondans yo resevwa anvan le 10 jen 2011, pral enkòpore nan rapò rekapitilatif ke FHWA/FTA pral prepare pita ane sa a. Rapò a pral rezime rezulta revizyon yo e li pral bay rekòmandasyon ak gran tit meyè metod ki aplike yo.

Manm Konsèy ak manm pèsònèl MPO yo ta renmen remèsyé kolaboratè nou yo ki te patisce aktivman pandan pwosesis revizyon an. Pami kolaboratè nou yo te gen reprezantan Enstans nan Broward County (Broward County Transit), FDOT, Enstans Rejyonal pou Transpòtasyon nan Sid Florida (South Florida Regional Transportation Authority) ak Port Everglades.



Pandan vizit dè lye ki fèt pandan de jou yo, manm Ekip Revizyon Federal la te chita avèk manm pèsònèl Broward MPO yo ak kolaboratè yo, pou patisce nan yon sesyon tabwonn kote te gen Keson ak Repons, pou diskite sou kesyon planifikasyon onivo transpòtasyon lokal.



Plizyè manm piblik la te patisce lè yo te ba yo opòtinite pou adrese ekip revizyon federal la pandan reyinyon piblik la.

ENVESTI DOLA W YO NAN TRANSPÒTASYON: KISA TIP LA REPREZANTE POU OU?

Chak ane, Broward MPO a, ansanm avèk plizyè lòt zòn planifikasyon nasyonal atravè peyi a, òganize yon responsabilite travay anyèl pou seleksyon pwojè ki nan Plan Transpòtasyon Alontèm (Long Range Transportation Plan) yo a (LRTP - yon plan ki kouvari yon peryòd 20 tan) pou enkli l nan plan transpòtasyon akoutèm (yon plan ki kouvari yon peryòd 5 an), ke yo rele **Pwogram Amelyorasyon Transpòtasyon (Transportation Improvement Program)** oswa **TIP**.

TRI-RAIL RANN TRANSPÒTASYON PI FASIL AVÈK ADISYON WOUT BIS YO




Youn nan plizyè avantaj ki genyen nan pran Tri-Rail la se koneksyon pasaje yo nan pliske yon lokal, lèfini, kounye a avèk sèvis bis yo ki elaji yo, gen plis opsyon pou nouvo trajè.

Menm jan ak anvan, Tri-Rail ofri sèvis navèt ki gratis nan plizyè estasyon, e kounye a yo fè l pi fasil pou ajoute trajè atravè zòn nan twa konte yo, ikonpri:

- apatide Estasyon Fort Lauderdale la jouk rive nan Santrevil Fort Lauderdale, Las Olas Boulevard, Florida Atlantic University, Broward General Medical Center ak lòt sant travay;
- apatide Estasyon Opa-Locka, yon pasaje ka vwayaje ale nan Jackson Health Center, Bunche Shopping Center, Miami-Dade College kanpis nò, City Library, ak nan santrevil la; epi
- apatide estasyon Lake Worth la, gen yon bis ki bay sèvis toulejou nan semenn nan apatide Biwo Cherif nan Palm Beach County nan Gun Club Rud, South Florida Water Management District Service Center ak Biwo Prensipal Palm Beach County School Distrik ak Sant Operasyon an.

Pou plis enfòmasyon sou orè bis la ak sèvis planifikasyon yo, ale sou sit entènèt la nan www.tri-rail.com oswa rele **1 (800) TRI-RAIL**.

TIP a reprezante entansyon Broward MPO ak kolaboratè l yo pou enplemente ak konstwi pwojè espesifik pandan senk pwochèn ane yo. Li se yon rapò konpreyansif tou ki konpile tout pwojè transpòtasyon ke yo finanse onivo federal, eta, ak lokal pou transpò, wout, pon, avyasyon, pò, ray, anplasman pou bisikilèt, pwovisyon pou pyeton, ak amelyorasyon pwojè tankou amenajman peyizaj ak sante polivalan.



Si w bezwen plis enfòmasyon sou kouman pou patisipe nan pwosesis sa a, oswa si w ta renmen plis enfòmasyon oswa yon kopi TIP a, tanpri, alse sou sit entènèt nou an nan www.browardmpo.org epi ale nan seksyon TIP a, oswa rele Roxana Ene nan (954) 876-0042. Period pou kòmantè pou TIP ane sa a louvri jiska 14 jiyè nan maten.

EFÒ NAN EDIKASYON AK AKTIVITE SOSYAL BROWARD MPO

Broward MPO toujou ap lite pou l ofri opòtinité enpòtan bay publik la defason pou l patisipe nan pwosesis planifikasyon transpòtasyon an, li ankouraje pou moun poze kesyon, e li ofri opòtinité pou publik la adrese enkyetid li yo epi li edike kominote a sou pwoblèm transpòtasyon aktyèl yo. Youn nan fason nou atenn objektif sa a se atravè aktivite sosyal publik. Men kék evènman nou te patisipe ladan yo pandan dezyèm trimès la, 2011.

- Broward MPO te gen anplwaye ki te nan yon kabin nan Jounen Dlo Enpòtan (Water Matters Day) nou te òganize le 12 mas la, kote nou te ankouraje publik la pou l patisipe nan yon sondaj kout e pou yo te pataje opinyon yo ak enkyetid yo.
- Manm pèsonèl la prezante pwojè lokal nan Kalite devi nan Transpòtasyon: Sesyon enfòmasyon & Echanj dide nan Orlando le 29 mas.
- Antanke yon pati nan travay kolaborasyon ant Broward MPO ak Volunteer Broward, yo te fè yon prezantasyon bay gwoup lokal Sèvis pou Timoun yo le 29 mas.
- Le 14 avril, Greg Stuart, Direktè Egzekitif la, prezante LRTP 2035 la bay Greater Fort Lauderdale Alliance Partner Council, ke Ajans Redevlopman Kominotè nan Vil Fort Lauderdale la te òganize
- Broward MPO te òganize Kou Devlopman ki Oryante sou Transpòtasyon pou Enstiti Transpòtasyon Nasyonal (National Transit Institute's Oriented Development Course) le 17 ak 18 me.
- Broward MPO a òganize Amelyorasyon Kominote yo: Kesyon konplè sou Lari ak Inisyativ an kolaborasyon avèk Patenerya Devlopman Entelijan (Smart Growth Partnership) le 24 me.

Èske w ap chèche opòtinité pi enteresan pou sa patisipe? Tanpri, ale sou sit entènèt nou an nan www.browardmpo.org.



Ofisyen Enfòmasyon Publik Broward MPO a, Chris Ryan, ap fè yon prezantasyon bay yon gwoup enterese lokal nan mwadmas la.



REYINYON KI PLANIFYE

	JIYÈ 2011	OUT 2011	SEPTANM 2011	OKTÒB 2011
Öganizasyon pou Ibanizasyon Zòn Metropolitèn nan Broward (MPO) Rankontre chak 2yèm jedi a 9:30 a.m.*	14	Pa gen reyinyon	8	13
Komite Kowòdinasyon Teknik (TCC) Rankontre chak 4yèm lendi a 2:15 p.m.*	Pa gen reyinyon	22	26	24
Tabwonn pou Patisipasyon Kominotè (CIR) Rankontre chak 4yèm jedi a 6 p.m.*	Pa gen reyinyon	23	27	25
Konsèy Administrasyon pou Kowòdinasyon nan Broward County (BCCB) Rankontre chak 3yèm lendi a 2 p.m. lè yo planifye !*	Pa gen reyinyon	Pa gen reyinyon	19	Pa gen reyinyon

* Dat sa yo kapab chanje akozde konje oswa konfli.

Yo kenbe reyinyon yo nan Biwo Konsèy Administrasyon Broward MPO (Broward MPO Board Room) a, Swit 850, nan imèb Trade Centre South la.

N ap ankourage patisipasyon publik la kèlkeswa ras li, koulè po li, orijin natif natal li, laj li, sèks li, relijiyon ni, andikap li oswa estati famillyal li. Moun ki bezwen akomodasyon espesyal selon Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act: ADA) oswa moun ki bezwen sèvis tradiksyon (gratis) dwe kontakte Christopher Ryan nan 954-876-0036 oswa ryanc@browardmpo.org. Si w gen pwoblèm pou tande, telephone nan 1-800-273-7545 (TDD).

Si w bezwen plis enfòmasyon sou reyinyon ki pral fèt yo, sou kouman pou pote plent, si w gen kesyon oswa enkyetid sou dwa sivil oswa non-diskriminasyon; oswa si w gen demann espesyal selon ADA, tanpri kontakte: **Christopher Ryan, Ofisyen Enfòmasyon Piblik/Kowòdonatè Tit VI nan (954) 876-0036 oswa ryanc@browardmpo.org**.

ÈSKE W TE KONNEN?

Sistèm transpòtasyon an benefisyé toude, moun ki sèvi ak li yo ak moun ki pa sèvi ak li yo! Kit se plis travay, kit se yon anviwònanman ki pi pwòp, kit se endependans onivo enèji oswa yon lòt mwayen pou evite blokis, sistèm transpòtasyon an empòtan pou avni Florida!

Antretan, pandan pri gaz la ap kreye plis demann, gen apeprè 85% nan sistèm transpòtasyon an atravè peyi a ki oblige sispann sèten trajè ak sèvis yo akozde rediksyon nan bidjè.

Ou ka fè yon diferans. **IM4Transit** se yon kanpay Konsèy Asosyasyon Transpòtasyon Piblik nan Florida ap mennen, pou idantifye, rekrite ak mobilize omwen 100 000 rezidan Florida anfavè sistèm transpòtasyon an. Sipòtè sa yo se yon kominote vityèl ki pa gen afilyasyon politik e ke yo ka mobilize pou "reprezante sistèm transpòtasyon an" nan platfòm publik kote yo pataje ide.

Fè pati de solisyon an, li byen fasil pou patisipe! Ale sou sit entènèt la nan www.IM4Transit.org jodiya epi fè tout moun konnen benefis ak empòtans sistèm transpòtasyon publik la genyen!

